



BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1. Méhode Jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1. Méhode Panalungtikan

Métode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Dumasar kana tujuan nu hayang dihontal, métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskrptif.

Suyatna (2002: 14) nétélakeun yén métode panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan nu mangrupa akumulasi data dasar dina cara déskriptif wungkul, teu nguji hipotesis, teu nyieun ramalan atawa teu meunangkeun ma'na implikasi.

Métode déskriptif nurutkeun Whitney (1960) dina Nazir (1999: 63) nya éta néangan fakta jeung interprétasi nu tepat. Panalungtikan déskriptif nalaah pasualan-pasulan nu aya di masarakat, ogé tata cara nu dipaké di masarakat, kaasup ngeunaan hubungan kagiatan-kagiatan, sawangan, prosés-prosés nu lumangsung, sarta pangaruh-pengaruh tina hiji gejala atawa fénoména.

Dina ngagunakeun ieu métode diusahakeun ngumpulkeun data, luyu jeung waktu sarta kamampuan nu nyampak, saterusna disusun jadi hiji carita nu sagemblengna.

Anu jadi dasar digunakeun métode déskriptif nya éta:

- 1) Ngadéskripsikeun carita rayat/dongéng lisan ngeunaan Tradisi Kuda Kosong jeung Babad Cikundul Cianjur.
- 2) Ngadéskripsikeun prak-prakan kagiatan Tradisi Kuda Kosong di Kabupatén Cianjur.

3.1.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nya éta cara nu digunakeun salila kagiatan. Téhnik nu baris digunakeun dina ieu panalugtikan nya éta: téhnik talaah pustaka, téhnik obsérvasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokuméntasi.

1) Téhnik Talaah Pustaka

Téhnik talaah pustaka dipaké pikeun ngumpulkeun bahan-bahan tulisan pikeun néangan tur nangtukeun dasar-dasar tiori anu aya patalina jeung objék panalungtikan.

2) Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi digunakeun pikeun niténan jeung nangtukeun anggota sampel, dimimitian ku ngalakukeun wawancara ka tokoh masarakat jeung sacara langsung lalajo kagiatan arak-arakan Tradisi Kuda Kosong.

3) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik nu digunakeun pikeun nyangking informasi lisan tina garapan lisan.

Arikunto (2002: 132) nétélakeun yén wawancara (*interview*) nya éta paguneman nu dilakukeun ku nu ngawawancara (*interviewer*) pikeun nyangking informasi ti nu diwawancara (*interviewee*).

Dina ieu panalungtikan dilaksanakeun wawancara jeung para informan, di antarana tokoh masarakat.

4) Téhnik Dokuméntasi

Salian ti téhnik wawancara jeung téhnik obsérvasi dina ieu panalungtikan digunakeun ogé téhnik dokuméntasi. Tujuan maké ieu téhnik pikeun ngadokuméntasikeun hal-hal nu aya patalina jeung panalungtikan.

3.2. Alat Ngumpulkeun Data

Alat ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Alat pangrékam;
- 2) Pedoman wawancara;
- 3) Kaméra

3.2.1. Alat Pangrékam

Alat pangrékam digunakeun pikeun ngumpulkeun data lisan ngeunaan carita rayat Tradisi Kuda Kosong jeung Babad Cikundul Cianjur salian ti dokumén tinulis (naskah).

3.2.2. Pedoman wawancara

Pedoman wawancara dijieun sangkan meunang data ngaliwatan komunikasi langsung jeung narasumber.

3.2.3. Kaméra

Kaméra digunakeun dina prosés panalungtikan pikeun dokuméntasi dina harti nyokot gambar dina lumasungna acara Tradisi Kuda Kosong.

3.3. Populasi jeung Sampel

3.3.1. Populasi

Populasi nya éta sakumna sumber data anu jadi objék panalungtikan. Suyatna (2002: 10) nétélakeun yén populasi nya éta sakabéh objék anu rék ditalungtik dina hiji kagiatan panalungtikan, boh mangrupa barang, kajadian, atawa gejala-gejala anu bakal kaalaman.

Satuluyna Arikunto (2002: 108-109) nétélakeun yén populasi nya éta sakabéh objék nu rék ditalungtik. Objék dina populasi kudu ditaliti, hasilna dianalisis, dicindekkeun, jeung éta kacindekan téh kudu bisa dipaké pikeun sakabéh populasi.

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta carita rayat nu aya dina Tradisi Kuda Kosong jeung dina Babad Cikundul Cianjur.

3.3.2. Sampel

Sampel nya éta bagian atawa wawakil tina populasi nu rék ditalungtik (Arikunto, 2002: 109).

Dina ieu panalungtikan digunakeun sampel tujuan (*“purposive sample”*). Arikunto (2002: 117) nétélakeun yén sampel tujuan dilakukeun pikeun nyokot subjék lain dumasar kana strata, random, atawa daérah, tapi dumasar kana tujuan nu tangtu. Téhnik ieu biasana dilakukeun ku lantaran sababaraha tinimbangan, misalna kawatesan ku waktu, tanaga, jeung biaya, ogé ku lantaran jarak sampel nu jauh.

Sanajan ieu téhnik dimeunangkeun, aya sababaraha sarat nu kudu dicumponan nya eta:

- 1) Cara nyokot sampel kudu dumasar kana ciri-ciri, sifat-sifat, jeung karakteristik nu tangtu, nu mangrupa ciri poko populasi.
- 2) Subjék nu dicokot sabagé sampel kudu bener-bener mangrupa subjék nu panglobana ngawakilan kana populasi.
- 3) Nangtukeun populasi dilakukeun sacara taliti.

3.4. Léngkah-léngkah Panalungtikan

Léngkah-léngkah garapan dina ieu panalungtikan dibagi kana opat tahapan, nya éta:

- 1) Léngkah tatahar;
- 2) Léngkah ngumpulkeun data;
- 3) Léngkah ngolah data; jeung

- 4) Léngkah nyusun laporan.

3.4.1. Léngkah Tatahar

- 1) Ngumpulkeun sumber bahan garapan;
- 2) Nangtukeun masalah jeung objék panalungtikan;
- 3) Nyieun proposal;
- 4) Nguruskeun surat ijin panalungtikan; jeung
- 5) Konsultasi ka Dosen Pangaping.

3.4.2. Léngkah Ngumpulkeun Data

- 1) Niténan sarta ngumpulkeun data ti lapangan;
- 2) Ngayakeun wawancara; jeung
- 3) Ngadokuméntasikeun sarta ngainvéntarisir data nu kacangking.

3.4.3. Léngkah Ngolah Data

Data nu geus kumpul satuluyna diolah dumasar kana téhnik ngolah data.

Léngkah nu dilakonan dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Mariksa sarta niténan data-data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Ngaanalisis jeung ngadéskripsikeun data; jeung
- 3) Nyieun kacindekan tina data anu kapaluruh.

3.4.4. Nyusun Laporan

Léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan sabada hasil panalungtikan dipasing-pasing, dianalisis nepi ka jadi informasi anu bisa disusun dina wangun déskriptif, nu ahirna disusun sacara sistematis dina wangun skripsi.

Sistematika nyusunna saperti anu ditulis di handap:

BAB I Bubuka

BAB II Carita Rayat, Tradisi Kuda Kosong, jeung Babad Cikundul Cianjur

BAB III Méthode Panalungtikan

BAB IV Analisis Carita Rayat Dumasar Warna Carita jeung Unsur-unsur Carita

BAB V Kacindekan jeung Saran